

Ou gen dwa pou resevwa yon dokiman “Estimasyon Bòn Fwa” ki esplike konbyen lajan swen an ap koute.

Selon lalwa, pwofesyonèl sante yo dwe bay **pasyan ki pa gen asirans** yo yon estimasyon fakti pou bagay ak sèvis yo resevwa lè yo fè demann nan.

- **Y ap ba ou yon dokiman Estimasyon Bòn Fwa nan twa jou travay aprè dat demann nan.**** Ou kapab mande yon Estimasyon Bòn Fwa anvan ou mete yon randevou. Ou gen dwa pou resevwa yon dokiman Estimasyon Bòn Fwa pou depans total w ap gen pou peye pou tout bagay oswa sèvis kip a ijan. Sa gen ladan depans anrapò ak lòt bagay menm jan an tankou tès laboratwa anndan klinik ak medikaman yo pa ba ou pandan vizit la.
- Dokiman Estimasyon Bòn Fwa a gen ladan depans pou tout sèvis nou bay yo – swen medikal, swen dantè ak sante mantal.
- Si fakti w la gen 400 dola plis pase Estimasyon Bòn Fwa w la, ou kapab konteste fakti a.

Pou fè demann yon Estimasyon Bòn Fwa, mande pou pale avèk Responsab Kont Pasyan an, ak asistan komèsyal prensipal, responsab sant lan oswa responsab sant adjwen kote w ye a.



**SWEN EKSEPSYONÈL
CHAK PASYAN
CHAK FWA**

www.esrh.org

****Nou pa gen obligasyon pou n bay yon estimasyon alekri pou sèvis ou te resevwa nan jou a oswa pou sèvis ou te resevwa nan yon jou.**